Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

NAN LONG ISLAND GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU PREMYE MORATWA NAN TOUT ETA A SOU NOUVO SANT DONE SOU GWO ECHÈL YO PANDAN SIPÒ A AP KONTINYE OGMANTE

Pral etabli yon kad regilatwa k ap mennen nan peyi a pou pwoteje kontribyab yo, anviwònman an ak Nouyòkè yo

Yon poz pou yon ane ap asire ke Nouyòkè yo p ap peye pou konstriksyon transmisyon ak enfrastrikti

Sa pral kreye Kad Envestisman Kominotè pou Sant Done Eta Nouyòk yo, pou asire lokalite yo kapab jwenn plizyè milyon dola grasa nouvo devlopman yo

Gouvènè a pral chèche adopte lejislasyon pou anile egzanpsyon taks sou lavant pou gwo sant done yo nan tout Eta a

Plan politik pou Kad Envestisman Kominotè a disponib isit la

Yon kopi Dekrè Egzekitif la disponib isit la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te òganize yon tab wonn avèk lidè yo nan Eta a, lidè biznis ak lidè lokal yo ki soti nan Long Island pou mete aksan sou Dekrè Egzekitif li a ki kreye premye moratwa nan peyi a sou nouvo sant done sou gwo echèl yo, etabli estanda ki pi solid pou devlopman sant done, epi kreye yon plan modèl pou soutni lokalite yo. Gouvènè a ap sispann tanporèman pèmi anviwònmantal Eta a pou jiska yon ane pou konstwi yon kad règlemantè nan nivo nasyonal, ki pwoteje kontribiyab yo, anviwònman an, rezo enèji a ak kominote yo nan tout eta a.

"Pandan m ap vizite kominote toupatou nan eta a epi m ap tande lidè kominotè yo, pwopriyetè biznis yo ak ofisyèl eli yo, sa fè m sonje responsablite pou asire ke Nouyòkè yo pa pote fado ogmantasyon pri sèvis piblik yo akòz gwo sant done sa yo ke yo pa te mande", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moratwa mwen te siyen an ap asire nou devlope yon kad ki satisfè bezwen Nouyòkè yo — san wete san mete. Nou se premye moun ki mete vizyon solid sa a an pratik, epi nou pral premye moun ki reyisi fè l byen."

Patisipan yo nan tablewonn jodi a te gen ladan yo:

- Senatè Eta Nouyòk Monica Martinez, Prezidan, Komite Gouvènman Lokal la (D-NY-4)
- Manm Asanble Eta Nouyòk Kwani B. O'Pharrow (D-NY-11)
- Majistra Steven Weinberg, Vilaj Thomaston
- Sipèvizè Vil Rich Schaffer, Babylon
- Bob Deluca, Prezidan, Gwoup pou East End la
- Dan Lloyd, Fondatè ak Prezidan, Minority Millennials
- Kevin McDonald, Konseye Politik Prensipal, The Nature Conservancy
- Rosemary Menendez, Volontè, AARP
- Brendan Warner, Prezidan, Konferans Dlo Long Island lan
- Direktè Egzekitif Long Island Farm Bureau, Bill Zalakar

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) lan, Hope Knight, te deklare, "Gouvènè Hochul ap asire ke Nouyòk rete yon lidè nan inovasyon pandan l ap fikse atant klè pou pwojè sant done nan gwo echèl yo. Atravè Kad Envestisman Kominotè a, ESD pral ede lidè lokal yo jwenn benefis kominotè solid, pwoteje kontribyab yo epi fè pwogrè nan envestisman nan enfrastrikti, devlopman mendèv, gadri ak lòt priyorite ki amelyore kalite lavi rezidan yo."

Eta Nouyòk ap fè fas ak yon ogmantasyon san parèy nan demann pou devlopman sant done ke demann entèlijans atifisyèl ak lòt operasyon enfòmatik ap alimante. Ogmantasyon demann sa a mennen nan pwopozisyon toupatou nan eta a pou konstwi ak opere sant done ki ta ka bezwen gwo kantite enèji ak dlo pou fè plizyè milye sèvè òdinatè fonksyone epi refwadi yo.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a te mande Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la pou kòmanse pwosedi Energize NY la, ki pral egzije sant done yo swa peye plis pou enèji yo oswa founi pwòp enèji pa yo, sa ki pral pèmèt eta a kenbe pri enèji yo pi abòdab pou Nouyòkè yo. Nan kad pwosedi sa a, Gouvènè a ap mande DPS tou pou devlope yon Deklarasyon Jenerik sou Enpak Anviwònmantal (Generic Environmental Impact Statement, GEIS) pou sant done yo, pou asire nouvo sant done k ap kòmanse fonksyone yo respekte estanda ki konsistan. Pandan y ap devlope GEIS sa a, sa ki pral pran jiska yon ane, yon moratwa ap an vigè epi Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) p ap bay okenn pèmi diskresyonè yo poko deja konsidere kòm konplè. Eta a pral itilize GEIS la pou evalye posib enpak anviwònmantal konstriksyon ak operasyon sant done yo nan eta a, tankou efè yo sou demann enèji, itilizasyon ak kalite dlo, ak kalite lè a. Yon fwa Eta a finalize estanda sa yo, yo pral leve moratwa a, sa ki pral pèmèt nouvo pwojè sant done yo avanse depi yo respekte apwobasyon eta a, kòd ki reglemante itilizasyon tè yo ak lòt apwobasyon lokal yo.

Gouvènè a te mande Empire State Development (ESD) tou pou pibliye yon Kad Envestisman Kominotè (Community Investment Framework, CIF) nan 60 jou, ki pral bay antite lokal yo direktiv klè pou ede yo negosye benefis kominotè nan kad nenpòt kontra pou gwo sant done, tankou amelyorasyon enfrastrikti lokal, envestisman nan gadri timoun, ak sipò finansye dirèk pou kominote yo a. CIF la pral etabli tou kad ki bay sendika travayè yo yon plas bò tab la epi ki bay priyorite ak estanda salè dominan ak

akò travay sou pwojè pou konstriksyon sant done, anbochaj lokal, aprantisaj pwofesyonèl ak devlopman mendèv, pou maksimize benefis ekonomik yo. Kad sa a pral gen ladan tou yon fòmil pou ede kominote yo evalye ki kote pou yo kòmanse negosyasyon sou envestisman. Kounye a, gen yon apèsi sou CIF la ki disponib sou sitwèb ESD a, epi nou ankouraje piblik la pou soumèt kòmantè.

Anplis de sa, Gouvènè a ap mande DPS pou konsidere kreye yon Fon Akselerasyon Rezo Nouyòk pou egzije sant done yo envesti nan enfrastrikti rezo elektrik eta a ki fin vye ak nan bezwen enèji yo, pou tout Nouyòkè kapab benefisye devlopman responsab. Fon an ta ka soutni acha nouvo rezèv enèji pwòp epi etabli yon fon asirans kote devlopè yo ka oblije kontribye pou pwoteje kont gwo chaj espekilatif ki kreye ensètitid epi ogmante depans yo. DPS pral konsidere tou apwòch pou egzije sant done yo finanse nouvo pwodiksyon elektrisite pwòp ki dedye ak operasyon yo, tankou, men pa sèlman, resous enèji distribye ki enstale sou sit kliyan yo ak sistèm depo batri.

Finalman, Gouvènè Hochul ap chèche adopte lejislasyon pou anile egzanpsyon taks sou lavant pou gwo sant done yo nan tout eta a.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te asire Nouyòk ap dirije peyi a nan inovasyon ak devlopman entèlijans atifisyèl (IA). Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 li a, Gouvènè a te lanse Empire AI, yon inisyativ ki se yon modèl pou peyi a pou fè rechèch sou entèlijans atifisyèl ki avanse pou byen piblik la. Ane sa a, li te lanse Komisyon FutureWorks la jodi a pou bay konsèy sou politik ak entèvansyon sektè prive a ki pwoteje sekirite ekonomik travayè yo tout pandan y ap eksplwate benefis ekonomik entèlijans atifisyèl. Komisyon wo nivo sa a (blue ribbon Commission) gen ladan ekspè ki pami pi bon nan peyi a, defansè dwa travayè yo, ak chèf antrepriz epi li pral gen misyon pou bay Gouvènè Hochul konsèy sou kijan pou l jere tranzisyon IA a, pou benefis IA ka pataje ant fanmi yo, travayè yo, ak ti biznis yo nan Nouyòk — epi pou se pa gwo kòporasyon yo sèlman ki pwofite.

Gouvènè Hochul te mete tou mezi pwoteksyon nan nivo nasyonal an aplikasyon pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite sou entènèt epi pou asire yo itilize entèlijans atifisyèl yon fason ki san danje epi responsab nan Eta Nouyòk. Inisyativ yo gen ladan:

- Lwa sou Sekirite pou Timoun ak Lwa sou Pwoteksyon Done Timoun ki mete restriksyon sou fil videyo ki kreye depandans pou timoun epi ki anpeche operatè sou entènèt kolekte epi monetize done timoun san konsantman enfòme.
- Lejislasyon sou Companion AI (Konpayon IA), ki mete premye pwoteksyon nan peyi a, ki redirije konvèsasyon itilizatè yo sou blese tèt yo pou ale nan resous sante mantal, epi ki entèwonp konpòtman depandans ki pa bon. Gouvènè a entèdi materyèl abi seksyèl sou timoun ki se kreyasyon entelijans atifisyèl.
- Pwojè lwa sou Etikèt Avètisman ki fèk siyen an, ki pral egzije konpayi rezo sosyal yo afiche avètisman sou enpak potansyèl platfòm la sou sante mantal.
- Lwa sou Pratik Twonpri ak IA (AI Deceptive Practices Act), ki amelyore pwoteksyon kont itilizasyon san otorizasyon resanblans/vwa ak difizyon imaj entim san otorizasyon.

Ane sa a, yo te aplike Lwa sou Sekirite depi nan Konsepsyon Gouvènè a nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2027 la. Sekirite depi nan Konsepsyon asire ke kontwòl paran yo pou timoun yo nan pi wo nivo pwoteksyon yo sou platfòm sosyal ak jwèt komen yo, sa vle di ke moun ki pa gen koneksyon epi ki gen plis pase 18 an pa ka kominike an prive ak timoun yo, wè pwofil konplè yo, oswa idantifye yo nan kontni. Paramèt lokalizasyon yo pral dezaktive otomatikman, epi timoun ki gen mwens pase 13 an dwe resevwa apwobasyon paran yo pou nouvo koneksyon. Li dezaktive tou sèten fonksyon wobotchat IA sou platfòm sou entènèt pou timoun yo epi paran yo dwe kapab mete limit sou tranzaksyon finansye timoun yo sou platfòm jwèt sou entènèt epi wè istwa tranzaksyon pitit yo. Pandan anpil nan platfòm sa yo te ogmante karakteristik sekirite yo pou timoun yo, nan Nouyòk sa tounen yon lwa kounye a, epi platfòm sa yo pa ka adousi lwa sa yo alavni.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap kreye yon Biwo inik nan peyi a pou Inovasyon Dijital, Gouvènans, Entegrite, ak Konfyans (Office of Digital Innovation, Governance, Integrity, and Trust, DIGIT). DIGIT pral sèvi kòm yon òganis santral ak otoritè pou sekirite dijital ak gouvènans teknolojik, devlope nouvo apwòch epi asire aplikasyon konsistan pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite sou entènèt; pandan li pwoteje pozisyon Nouyòk kòm yon eta ki valorize epi envesti nan inovasyon avanse. Biwo DIGIT la pral konsantre dabò sou regilasyon gwo devlopè IA avanse yo, pou pèmèt plis transparans sou mezi sekirite yo epi etabli yon mekanis rapò kote devlopè yo kapab rapòte ensidan kritik ki gen rapò ak sekirite. Dat lwa a ap antre an vigè se 1ye janvye 2027.

Senatè Eta Monica Martinez te deklare, "Entèlijans atifisyèl ak sant done yo fonksyone ak menm resous natirèl limite nou tout depann sou yo pou lavi chak jou a. Lè ou kite enstalasyon sa yo ki konsome anpil enèji ak anpil dlo san kontwòl, sa ogmante depans pou rezidan yo epi sa menase kalite lavi nan tout Nouyòk sitou isit la nan Long Island. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske l te mete kanpe yon poz yon ane sa a sou devlopman nouvo sant done pandan Nouyòk ap detèmine pi bon fason pou l prepare epi entegre teknoloji sa yo pou satisfè bezwen eta nou an."

Manm Asanble Kwani B. O'Pharrow, te deklare, "Entèlijans atifisyèl ak teknoloji emèjan yo prezante opòtinite fòmidab pou Nouyòk, men inovasyon pa dwe janm vini sou do kominote nou yo, anviwònman nou an, oswa fanmi k ap travay yo. Mwen sipòte desizyon Gouvènè Hochul la pou etabli yon moratwa tanporè pandan Nouyòk ap devlope yon kad regilatwa responsab, transparan e k ap mennen nan peyi a."

Sipèvizè Vil Babylon lan, Rich Schaffer, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te adopte yon apwòch byen reflechi ak ekilibre anvè lavni sant done gwo echèl nan Nouyòk. Lè Gouvènè a mete nouvo pwojè yo sou poz pandan Eta a ap fè yon revizyon konplè, li ap asire ke nou fè sa byen anvan yo pran desizyon ki ta ka gen enpak dirab sou kominote nou yo, rezo elektrik nou an, ak anviwònman nou an. Mwen apresye tou Gouvènè Hochul dèske li te reyini fonksyonè eli yo, moun ki gen enterè yo, ak lidè kominotè yo bò tab la. Long Island gen yon pèspektiv inik e pwosesis kolaborasyon sa a pral ede devlope yon kad ki sipòte opòtinite ekonomik tout pandan y

ap pwoteje rezidan nou yo, resous natirèl yo, ak enfrastrikti pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Konsèy Minisipal Vil Brookhaven, Jonathan Kornreich, te deklare "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te pran yon apwòch fyab ak responsab anvè sant done nan gwo echèl yo. Dekrè Egzekitif li a rekonèt avèk sajès ke enstalasyon sa yo soulve gwo kesyon sou demand enèji, itilizasyon dlo, kalite dlo, kalite lè, pwoteksyon kontribyab yo, ak enpak sou kominote a. Mwen apresye anpil lefèt ke Eta a ap egzamine si sant done yo ta dwe peye plis pou enèji yo oubyen founi pwòp enèji pa yo, epi Gouvènè a ap konsidere yon Fon Akselerasyon Rezo pou gwo itilizatè prive yo ede envesti nan rezo a olye pou yo kite Nouyòkè òdinè yo sibi depans sa yo. Nan Vil Brookhaven, nou te poze anpil nan menm kesyon sa yo atravè pwòp moratwa nou an ki fèk adopte a. Nan Long Island, kote nou konte sou yon sèl akwifè ak yon rezo elektrik rejyonal limite, nou bezwen etabli règ klè anvan pwojè nan nivo sa a avanse. Nou te enkyete tou ke yon moratwa pou Brookhaven sèlman te kapab tou senpleman pouse presyon sou devlopman an nan vil vwazin yo, menm si akwifè a ak rezo elektrik la se resous rejyonal nou tout pataje. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li se yon patnè solid nan gouvènman an epi paske li rekonèt ke kominote lokal yo pa ta dwe oblije fè fas ak pwoblèm sa yo poukont yo. Dekrè Egzekitif li a bay vil tankou Brookhaven tan ak sipò yo bezwen pou yo planifye yon fason responsab, tout pandan y ap ede pwoteje Long Island kòm yon rejyon tou."

Direktè AARP Eta Nouyòk, Beth Finkel, te deklare, "Nan yon moman kote twòp Nouyòkè ap lite pou peye nesesite debaz yo, yo pa ta dwe oblije peye pou gwo demand enèji nan gwo sant done yo. Prèske mwatye nan moun Nouyòkè ki pi gran yo te diminye depans debaz yo tankou episri, swen pèsonèl ak transpò akòz gwo bòdwo sèvis piblik yo, alòske 17 pousan te diminye depans yo nan depans medikal, tankou medikaman sou preskripsyon. AARP Nouyòk akeyi Dekrè Egzekitif 62 Gouvènè Hochul la ki mete pwoteksyon konsomatè ak abòdablite nan sant politik enèji Nouyòk la."

Prezidan Asosyasyon Ofisyèl Vilaj Konte Nassau a, Majistra Steven Weinberg, te deklare, "Moratwa Sant Done a pèmèt Vilaj yo ak minisipalite lokal yo planifye amelyorasyon enfrastrikti elektrik ak dlo ke ogmantasyon itilizasyon an egzije, adrese enpak yo sou tarif sèvis piblik rezidan nou yo epi nenpòt aplikasyon Sant Done ap fèt dapre yon pwosesis zonaj ak pèmi Vilaj yo ki pèmèt benefis ak amelyorasyon kominotè ke yon Vilaj ak rezidan li yo bezwen. Nou rekonèt epi apresye lidèchip Gouvènè Hochul ki ban nou tan pou konprann epi planifye pou adrese pwoblèm akoutèm ak lontèm ke sant done yo prezante pou gouvènman an itilize."

Konseye Politik Prensipal pou The Nature Conservancy nan Nouyòk, Kevin McDonald te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul paske ou te envite nou pou diskite sou aksyon egzekitif ki te anonse dènyèman an sou sant done yo. Tablewonn jodi a te yon opòtinite pou tande moun Long Island yo pale sou enpak potansyèl sant done yo, ak kijan yo ka adrese enpak yo pandan Nouyòk ap kontinye antreprann devlopman ekonomik. The Nature Conservancy nan Nouyòk ap tann ak enpasyans devlopman yon kad regilatwa solid ki gen ladan egzijans pou diminye enpak yo epi ki dirije envestisman

nan pwojè konsèvasyon tankou rebwazman, restorasyon resous natirèl ak pwoteksyon abita bèt sovaj. Avèk kalite envestisman sa yo, nou ka asire ke tè, lè ak dlo ke jenerasyon k ap vini yo nan Nouyòk depann sou yo ap konsève."

Prezidan Group for the East End, Bob DeLuca, te deklare, "Nou bat bravo pou lidèchip Gouvènè a nan rekonèt enpòtans kritik pou koute kominote lokal yo, epi ankouraje planifikasyon ak pran desizyon enfòme nan sa ki gen pou wè ak lavni plasman ak konstriksyon sant done isit la nan Long Island. Si nou vle prezève fason nou viv nan Long Island, epi jere rezèv dlo frajil nou an ak enfrastrikti ki twò chaje a yon fason responsab, nou dwe pran tan ki nesesè pou nou konprann enplikasyon nouvo itilizasyon endistriyèl sa yo, epi devlope gid klè pou pwoteje piblik la, epi enfòme revizyon gouvènman lokal nou an sou vag pwopozisyon sant done k ap monte sa a."

Direktè Egzekitif Long Island Farm Bureau, Bill Zalakar, te deklare, "Kominote Farm Bureau nou an lajman sipòte moratwa Gouvènè a sou Sant Done yo. Tè nou, dlo nou, elektrisite nou ak resous natirèl nou yo tèlman enpòtan pou nou tout, li enpòtan pou nou pran yon poz pou nou konprann nèt efè sa pral genyen sou anviwònman nou ak ekonomi nou. Resous sa yo tèlman enpòtan nan pwodiksyon agrikòl ke nou bezwen asire nou ke lavni rezèv manje nou an pa an danje."

Prezidan Minority Millennials, Dan Lloyd, te deklare, "Poz sa a se yon lidèchip saj, pa opozisyon ak teknoloji. Nouyòk ap dirije nasyon an lè li tabli yon estanda klè: si sant done IA yo pran enèji nan kominote nou yo, yo dwe envesti ni nan pèp nou an atravè edikasyon, aprantisaj, ak chemen karyè, ni nan enfrastrikti ki pwoteje nou, tankou inovasyon enèji, efikasite, depo, ak refwadisman ki mache an sikwi fèmen. Sa a se bon gouvènman: adopte inovasyon pandan n ap amelyore rezo elektrik nou an, rezèv dlo nou an ak kalite lavi nou pou jenerasyon k ap vini yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU